

Gid kondisyon pou moun ki pa sitwayen nan pwogram NJ FamilyCare/Medicaid

Si ou se yon imigran oswa yon moun ki pa sitwayen epi yon rezidan New Jersey, chanjman nan règleman federal yo anba Lwa One Big Beautiful Bill Act (OBBBA) la ka afekte fason pou w gen aksè ak asirans sante, tankou NJ FamilyCare.

ENPÒTAN: Nouvo lwa a **pa chanje** règ NJ FamilyCare pou timoun ki poko gen 19 lane oswa moun ansent ki pa sitwayen Etazini.

Gid sa a eksplike:

- Ki moun ki ka kalifye pou NJ FamilyCare
- Ki estati imigrasyon ki kalifye
- Chanjman nan kalifikasyon apati **1ye oktòb 2026**
- Dokiman ki pwouve kalifikasyon pou imigrasyon pou NJ FamilyCare

Enpòtan:

- Kondisyon an depann de sitiyasyon endividyèl ou.
- Gid sa a se pou bay enfòmasyon jeneral sèlman.
- Si ou kwè ou toujou kalifye pou NJ FamilyCare, tanpri reponn tout demann pou ba w enfòmasyon yo.
- Nou ankouraje w pou w pale ak yon òganizasyon kominotè ou fè konfyans oswa yon founisè sèvis jiridik pou w konprann opsyon ou genyen yo.

Fanmi ki gen estati melanje: Paran ki pa kalifye pou avantaj poutèt pwòp sitiyasyon imigrasyon yo ka toujou aplike pou pitit yo. Se sèlman manm fanmi ki mande NJ FamilyCare ki dwe bay enfòmasyon sou sitwayènte oswa imigrasyon epi nimewo sekirite sosyal yo (si yo genyen youn). Lòt manm fanmi ki pa aplike *pa* oblije bay enfòmasyon sou sitwayènte oswa imigrasyon.

Tanpri reponn tout imèl NJ FamilyCare touswit. Yo ka refize aplikasyon w lan si ou pa reponn.

Si ou gen kesyon oswa ou bezwen èd pou ranpli aplikasyon NJ FamilyCare la, rele 1-800-701-0710 (TTY: 711) pou jwenn asistans.

Tanpri sonje: Yo baze tout enfòmasyon ki nan dokiman sa a sou direktiv federal depi 1ye jen 2026. Lòt direktiv federal yo ka lakòz chanjman. N ap aktyalize gid sa a lè nou resevwa nouvo enfòmasyon.

Moun ki pa sitwayen ki ka kontinye kalifye gen ladan yo:	Moun ki pa sitwayen ki ka PA kontinye kalifye gen ladan yo:
• Rezidan pèmanan legal (moun ki gen kat vèt) depi omwen 5 lane, apati dat yo te bay moun nan estati imigrasyon kalifye a. • Moun ki pa sitwayen Etazini ki nan youn nan gwoup sa yo epi ki vin rezidan pèmanan legal, kèlkeswa dat yo te jwenn estati sa a ○ Refijye ○ Moun ki jwenn azil ○ Moun ki viktim trafik moun, ak mari oswa madanm yo, pitit yo, frè ak sè yo, oswa paran yo ○ Veteran/manm sèvis aktif ki k ap viv legalman nan peyi a ak kèk manm fanmi ○ Imigran Amerasyen ○ Irakye ak Afgan ki gen Viza Espesyal Imigran (SIV) oswa ki antre sou otorizasyon tanporè SI/SQ ○ Sitwayen Afgan ki te resevwa otorizasyon tanporè ant 31 jiyè 2021 ak 30 septanm 2023. ○ Moun yo te pèmèt antre nan peyi Etazini tanporèman nan pwogram imanité ant 24 fevriye 2022 ak 30 septanm 2024, nan Pwogram Imanité pou Ikrèn (Ukrainian Humanitarian Parole, UHP) ○ Moun yo kanpe depòtasyon yo • Kiben/Aisyen ki antre • Migran ki sòti nan peyi ki gen akò asosyasyon lib (Compacts of Free Association, COFA), ki gen ladan Mikwonezi, Zile Marshall ak Palau • Moun ansent ki gen papye legal • Moun ki pa sitwayen ki gen papye legal epi ki gen mwens pase 21 lane. • Timoun ki poko gen 19 lane, kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon yo	• Moun ki pa sitwayen nan gwoup sa yo ki poko vin rezidan pèmanan legal ○ Viktim vyolans domestik, k ap aplike anba Lwa sou vyolans kont fanm nan Etazini (Violence Against Women Act, VAWA) ○ Moun ki gen otorizasyon tanporè (moun ki gen otorizasyon tanporè pou antre nan peyi Etazini pou omwen yon lane) ○ Refijye ○ Moun ki jwenn azil ○ Moun ki viktim trafik moun, ak mari oswa madanm yo, pitit yo, frè ak sè yo, oswa paran yo ○ Veteran/manm sèvis aktif ki k ap viv legalman nan peyi a ak kèk manm fanmi ○ Sitwayen Afgan ki te resevwa otorizasyon tanporè ant 31 jiyè 2021 ak 30 septanm 2023. ○ Moun yo te pèmèt antre nan peyi Etazini tanporèman nan pwogram imanité ant 24 fevriye 2022 ak 30 septanm 2024, nan Pwogram Imanité pou Ikrèn (Ukrainian Humanitarian Parole, UHP) ○ Moun yo kanpe depòtasyon yo

Tablo kondisyon nan pwogram NJ FamilyCare pou imigran (Apati 1ye Oktòb 2026)

Gade detay yo nan tablo “Rezidan pèmanan legal (LPR) ki kalifye pou NJ FamilyCare epi ki pa bezwen rete tann 5 lane avan pou yo ka kalifye” pou plis detay sou lòt gwoup ki kalifye aprè yo fin jwenn estati rezidan pèmanan legal (LPR).

Kategori	Pou ki moun sa aplikab	Dokiman (Bay pi plis dokiman ou kapab)	Nòt enpòtan
Sitwayen Etazini (Fèt oswa derive)	Fèt nan peyi Etazini, Fèt aletranje	- U.S. Birth Certificate - Consular report of Birth Abroad (CRBA) - Certificate of U.S. Citizenship (N-560 or N-561) - U.S. Passport	Bay omwen yon dokiman
Sitwayen Etazini (Natiralize)	Sitwayen natiralize Etazini	- Certificate of Naturalization (N-550 or N-570) - U.S. Passport	Bay omwen yon dokiman
Moun ki gen sitwayènte Etazini	Moun ki gen sitwayènte Etazini	U.S. passport, sètifika nesans ki soti nan Samoa Ameriken, oubyen Sètifika nasyonalite moun ki pa sitwayen Etazini (N-561)	Bay omwen yon dokiman
Rezidan pèmanan legal (LPR)	Rezidan pèmanan legal (moun ki gen kat vèt) depi omwen 5 lane, apati dat yo te bay moun nan estati imigrasyon kalifye a.	- Green Card (I-551) - Passport with I-551 stamp - I-797C approval of LPR status	Anjeneral, ou dwe tann 5 lane (yo kalkile l apati dat ou resevwa estati imigrasyon kalifye a); gen eksepsyon (gade tablo ki vin aprè a).
Migran ki sòti nan peyi ki gen akò asosyasyon lib (Compacts of Free Association, COFA)	Migran ki sòti nan peyi ki gen akò asosyasyon lib (Compacts of Free Association, COFA), ki gen ladan Mikwonezi, Zile Marshall ak Palau	- Passport (RMI/FSM/Palau) (Repiblik Zile Marshall yo (RMI), Eta Federasyon Mikwonezi (FSM), oswa Repiblik Palau) - I-94 (Arrival/Departure Record) ki montre admisyon COFA - Employment Authorization Document (EAD), si yo te bay li	

Tablo kondisyon nan pwogram NJ FamilyCare pou imigran (Apati 1ye Oktòb 2026)

Gade detay yo nan tablo “Rezidan pèmanan legal (LPR) ki kalifye pou NJ FamilyCare epi ki pa bezwen rete tann 5 lane avan pou yo ka kalifye” pou plis detay sou lòt gwoup ki kalifye aprè yo fin jwenn estati rezidan pèmanan legal (LPR).

Kategori	Pou ki moun sa aplikab	Dokiman (Bay pi plis dokiman ou kapab)	Nòt enpòtan
Kiben/Ayisyen ki antre	Moun ki gen estati Kiben/Ayisyen nan moman yo te antre nan peyi a oswa ki gen otorizasyon tanporè	- Dokiman Imigrasyon - I-94 (Arrival/Departure Record) ki montre otorizasyon tanporè oswa estati moun ki antre antanke Kiben Ayisyen - Employment Authorization Document (EAD) ki make C08 oswa C11 - I-862 (Notice to Appear) - I-830 Notice to Executive Office for Immigration Review (EOIR): Alien Address - I-797C Application for Asylum and Withholding of Removal - I-220A Order of Release on Recognizance - Prèk Nasyonalite - Sètifika Nesans - Paspò ak so antre Kiben oswa Ayisyen	Ou dwe bay prèk estati imigrasyon ak nasyonalite
Moun ansent oswa ki poko gen 21 lane	- Moun ansent ki gen papye legal - Moun ki pa sitwayen ki gen papye legal epi ki gen mwens pase 21 lane. - Timoun ki poko gen 19 lane, kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon yo	- Green Card (I-551) - Employment Authorization Document (EAD), si yo te bay li - I-94 (arrival record) - U.S. Citizenship and Immigration Service (USCIS) receipt or Notice of Action (I-797) - Refugee Travel Document - Nenpòt dokiman ki pwouve prezans legal ou	Timoun ki poko gen 19 lane ka aplike menm si yo pa gen dokiman imigrasyon.

Yo egzante moun ki gen rezidans pèmanan legal (LPR) ki ranpli kondisyon pou NJ FamilyCare pou yon peryòd atant 5 lane

Tout kategori ki nan lis anba a dwe nan estati LPR pou yo kalifye. Employment Authorization Document (EAD) ak Green Cards/LPR Cards genyen kòd lèt ak nimewo nan mitan kat la ki ede idantifye sityasyon imigrasyon ou.

Kategori	Estati Imigrasyon	Dokiman (Bay pi plis dokiman ou kapab)	Nòt enpòtan
Refijye ki adapte ak LPR	Refijye ki te jwenn estati pou vin Rezidan Pèmanan Legal, kèlkeswa dat yo te jwenn li a	• Prèv estati LPR • Refugee Travel Document • Employment Authorization Document (EAD) ki make A3 oswa A4	• Klasifikasyon refijye ka parèt sou ansyen dokiman imigrasyon yo
Moun ki resevwa azil ki vin gen LPR	Moun ki jwenn azil epi ki te jwenn pou yo vin Rezidan Pèmanan Legal, kèlkeswa dat yo te jwenn li a	• Prèv estati LPR • Employment Authorization Document (EAD) ki make A5 • Order granting asylum • I-551 ki make "AS"	• Klasifikasyon azil la ka parèt sou I-551 oswa avi apwobasyon an
Moun ki siviv anba trafik ak fanmi ki vin gen LPR	Viktim trafik moun ansanm ak mari oswa madanm yo, pitit yo, frè oswa sè yo, oswa paran yo, ki vin jwenn estati rezidan pèmanan legal, kèlkeswa dat yo te resevwa estati sa a.	• Prèv estati LPR • Employment Authorization Document (EAD) ki make A16 • Avi apwobasyon I-797 • ST6 ki gen kòd I-551	• Yo ka idantifye kategori a pa kòd dokiman an (ST6)
Manm Militè, Veteran ak Fanmi ki vin gen LPR	Veteran/manm sèvis aktif k ap viv legalman ak kèk manm fanmi ki gen Rezidan Pèmanan Legal, kèlkeswa dat yo te jwenn li a	• Prèv estati LPR • Fòmilè DD-2 vèt ki make "aktif" • Dokiman DD-214 ki montre moun nan te kite lame ak onè • I-797 Notice of Action ki endike estati T2, T3, T4 oswa T5 • I-766 EAD ki make C25 • I-551 ki gen kòd ST7, ST8, ST 9 oswa ST0	• Yo ka montre estati militè oswa sityasyon moun ki sou kont ou sou dokiman sipò yo.

Yo egzante moun ki gen rezidans pèmanan legal (LPR) ki ranpli kondisyon pou NJ FamilyCare pou yon peryòd atant 5 lane

Tout kategori ki nan lis anba a dwe nan estati LPR pou yo kalifye. Employment Authorization Document (EAD) ak Green Cards/LPR Cards genyen kòd lèt ak nimewo nan mitan kat la ki ede idantifye sityasyon imigrasyon ou.

Kategori	Estati Imigrasyon	Dokiman (Bay pi plis dokiman ou kapab)	Nòt enpòtan
Imigran Amerasyen ki vin gen LPR	Imigran Amerasyen ki te vin Rezidan Pèmanan Legal, kèlkeswa dat yo te jwenn li a	- Prèv estati LPR - Fòm I-551 ki gen kòd AM1, AM2, oswa AM3	Yo idantifye kategori a ak kòd I-551
Moun ki gen Viza Espesyal Imigran (SIV) pou Irak ak Afganistan ki te jwenn LPR	Irakyan ak Afgan ki gen Viza Imigran Espesyal (SIV) oswa moun SI/SQ ki gen otorizasyon tanporè epi ki jwenn Rezidan Pèmanan Legal, kèlkeswa dat yo te jwenn li a	- Prèv estati LPR - Form I-94 - Iraqi oswa Afghan passport with an immigrant visa ki make SIV, Rezidan Pèmanan Kondisyonèl (CPR), oswa Pwogram Etablisman ak Entegrasyon (SIP)	Klasifikasyon viza a ka parèt nan paspò a
Moun ki Afgan ki te gen otorizasyon tanporè ki te adapte ak LPR	Sitwayen Afgan ki te jwenn otorizasyon tanporè ant 31 Jiyè 2021 ak 30 Septanm 2023, ki te vin Rezidan Pèmanan Legal, kèlkeswa dat yo te jwenn li a	- Prèv estati LPR - Form I-94 ki endike "otorizasyon tanporè" oswa "212(d)(5)" - Employment Authorization Document (EAD) ki make C11 - Afghan passport	Klasifikasyon otorizasyon tanporè a ka parèt sou I-94 oswa paspò a

Yo egzante moun ki gen rezidans pèmanan legal (LPR) ki ranpli kondisyon pou NJ FamilyCare pou yon peryòd atant 5 lane

Tout kategori ki nan lis anba a dwe nan estati LPR pou yo kalifye. Employment Authorization Document (EAD) ak Green Cards/LPR Cards genyen kòd lèt ak nimewo nan mitan kat la ki ede idantifye sityasyon imigrasyon ou.

Kategori	Estati Imigrasyon	Dokiman (Bay pi plis dokiman ou kapab)	Nòt enpòtan
Ikrenyen ki te gen otorizasyon tanporè epi ki vin ajiste estati yo kòm Rezidan Pèmanan Legal (LPR)	Moun ki te jwenn otorizasyon tanporè pou antre nan peyi Etazini ant 24 fevriye 2022 ak 30 septanm 2024, anba pwogram imanitè pou Ikrenyen (Ukrainian Humanitarian Parole,UHP) epi ki te ajiste pou vin Rezidan Pèmanan Legal, kèlkeswa dat yo te jwenn li a	• Prèv estati LPR • Form I-94 ki endike "otorizasyon tanporè" oswa "212(d)(5)" • Employment Authorization Document (EAD) ki make C11 • Paspò ki make U4U oswa UHP	• Klasifikasyon otorizasyon tanporè a ka parèt sou I-94 oswa paspò a
Moun ki te resevwa desizyon pou sispann depòtasyon epi ki vin ajiste estati yo kòm Rezidan Pèmanan Legal (LPR)	Moun yo te bloke depòtasyon ki se rezidan pèmanan legal (LPR) epi ki te ajiste pou yo vin rezidan pèmanan legal, kèlkeswa dat yo te jwenn li a	• Prèv estati LPR • Employment Authorization Document (EAD) ki make A10 oswa C10 • Immigration court order	• Yo ka itilize yon lòd tribinal pou verifye sityasyon an